

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi deskripsina nyaéta:

- 1) Aya 95 kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi, kalayan frekuensi makéna 149 kali.
- 2) Wangun kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi nyaéta panglobana aya dina wangun kecap rajékan dwimurni binarung rarangkén nyaéta aya 69 kecap, kalayan frekuensi makéna 87 kali, kecap rajékan dwiréka binarung rarangkén aya 2 kecap kalayan frekuensi makéna 2 kali., kecap rajékan dwipurwa binarung rarangkén aya 22 kecap, kalayan frekuensi makéna 54 kali, kecap rajékan dwimadya binarung rarangkén aya 2 kecap kalayan frekuensi makéna 6 kali.
- 3) Fungsi kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi kabagi jadi 5 fungsi, nyaéta fungsi nominal, fungsi numeral, fungsi ajektival, fungsi adverbial, jeung fungsi verbal. Anu panglobana muncul nyaéta fungsi nominal aya 44 kecap kalayan frekuensi makéna 72 kali, fungsi verbal aya 29 kecap kalayan frekuensi makéna 38 kali, fungsi ajektival aya 14 kecap kalayan frekuensi makéna 19 kali, fungsi numeral aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 11 kali, jeung fungsi adverbial aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 9 kali.

4) Harti kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi anu panglobana muncul nyaéta kecap rajékan binarung rarangkén anu nuduhkeun harti kaayaan hiji hal (eksistif) nyaéta aya 19 kecap kalayan frekuensi makéna 42 kali, salian ti éta, aya ogé harti sejénna nu aya dina novél *Babalik Pikir* nyaéta kecap rajékan anu nuduhkeun harti rupa-rupa (difensitif) nyaéta aya sakecap kalayan frekuensi makéna 1 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti masing-masing (distributif) aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 5 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti unggal-unggal pihak hayang leuwih ti nu séjén (komparatif resiprokatif) aya 6 kecap kalayan frekuensi makéna 7 kali. Rajékan nu nuduhkeun harti keur lumangsung (duratif) aya 9 kecap kalayan frekuensi makéna 12 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti padahal (eksesif) aya sakecap kalayan frekuensi makéna 1 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti panganteb (fakultatif) aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 9 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti remen (frekuentatif) aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 6 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti migawé enya-nya (intensitif) aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 4 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti tiruan (imitatif) aya 2 kecap kalayan frekuensi makéna 4 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti terus-terusan (kontinuatif) aya 13 kecap kalayan frekuensi makéna 18 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti leuwih (superlatif) aya 5 kecap kalayan frekuensi makéna aya 5 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti hasil (resultatif) aya sakecap kalayan frekuensi makéna 1 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti silih bales (resiprokatif) aya 4 kecap kalayan frekuensi makéna 6 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti loba (plural) aya 8 kecap kalayan frekuensi makéna 13 kali. Kecap rajékan nu nuduhkeun harti watesan

(limitatif) aya 8 kecap kalayan frekuensi makéna aya 11 kali. Rajékan nu nuduhkeun harti sanggeus (perfektif) aya 2 kecap kalayan frekuensi makéna aya 4 kali.

- 5) Bahan pangajaran kecap rajékan binarung rarangkén ngawengku wangun, fungsi, jeung harti (ma'na). Bahan anu baris diajarkeun ka siswa diluyukeun jeung tingkat kamampuh siswa. Dina nepikeun bahan pangajaran kecap rajékan binarung rarangkén, diperluan kreatifitas guru dina milih métode jeung téhnik nu digunakeun di kelas sangkan kahontal tujuan pangajaran sacara optimal. Éta hal ditujukeun sangkan siswa bisa aktif sarta teu ngarasa bosen kana bahan pangajaran anu ditepikeun pikeun mikanyaho kahontal henteuna bahan pangajaran anu ditepikeun, diayakeun évaluasi nyaéta ngaliwatan tes tinulis. Tina bahan ajar anu geus ditangtukeun, dituluykeun ku disusunna conto Rancangan Pangajaran Kecap Rajékan Binarung Rarangkén pikeun Murid di SMP.

5.1 Saran

Aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun tina hasil panalungtikan “Kecap Rajékan Binarung Rarangkén dina Novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” saperti ieu di handap.

- 1) Ieu panalungtikan kakara semet nganalisis ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén tina wacana nyaéta novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi. Ku kituna dipiharep aya panalungtikan anu séjén nu nalungtik ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén dina widang karya sastra anu séjénna.
- 2) Bahan pangajaran kecap rajékan binarung rarangkén dina ieu panalungtikan sifatna masih tioritis keneh, nyaéta kakara rarancang bahan pangajaran. Ku kituna, dipiharep

aya panalungtikan séjén anu nepi kana ngujicobakeun bahan katut prosés pangajaranna.

3) Hasil henteuna ngajar teu gumantung kana bahanna, tapi gumantung ogé ka guruna. Dumasar éta hal, diperedih guru kudu kreatif dina milih téhnik jeung métode nu merenah sangkan siswa bisa aktif jeung maham kana materi anu ditepikeun, nepi ka tujuan pangajaran kahontal.

